



Femisid - Femicidio

Konnen ki jan lalwa pini moun ki touye pwòp madanm li, oswa ansyen madanm li; ak mezi pwoteksyon ki egziste pou anpeche krim sa a.

◉ Kisa femisid la?

Se lè yon gason touye madanm li oubyen ansyen madanm li (Marye oubyen plase)

◉ Ki pèn ki resève pou gason ki femisid yo ?

Gason ki koupab la, ka pase sòti 15 an plis yon jou a 40 an nan prizon . Rive 40 lane na prizon, koupab la ka mande libète l, men se kou siprèm k ap deside si li merite libere oubyen li merite pase tout rèz vi nan prizon.

◉ Èske yo ka ogmante pèn koupab la?

Wi, men se sèlman nan ka kote agresè a se mari oswa ansyen mari fanm ki viktim nan , kote pèn nan ka pase de 15 an a tout lavi l nan prizon.

◉ Ki pwoteksyon yo ofri yon fanm ki santi li pral viktim yon femisid?

- Si te gen vyolans deja nan yon relasyon, epi akize pa aksepte mete fen nan relasyon santimantal la, tribinal gen pouvwa pou li bay lòd pou yo pwoteje viktim nan.
- Anplis, jij la ka bay lòd pou akize a pase regilyèman nan komisarya ke jij la vle.

Epitou, tout mezi jij la pran pou pwoteje viktim vyolans domestik (tankou entèdi agresè a apwoche oswa pataje kay la ak viktim nan, entèdi l posede zam oswa fòse l ale nan pwogram tretman) dwe valab pou maksimòm de (2) zan.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa la lwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.